Жәмийетимизде ҳар қандай атақлы жоқары саналы адамлар мийнети, сиясий ҳәм экономикалық қымбаты менен бирге ол руўхы бай жетик инсанлар дөреткен ҳәм өзинде әдеп-икрамлылық, гөззаллық сезимлерин қәлиплестирген ең қымбатлы көрсеткишлерден саналады.

Жасларға мийнет тәрбиясын бериўде мектеп пенен жәмийетимиздеги үлгили мийнет көрсеткишлерин байланыстырып, оларда мийнеттиң жәмийетте, жәмәәтте, шаңарақта кәмил инсан болып қәлиплесиўиндеги атқаратуғын хызмети ҳаққында түсиниклерди қәлиплестириўимизге болады. Мектеп оқыўшыларында мийнетке болған зәрүрликлерди күшейтиў арқалы олардың руўхый мәдениятлылығын раўажландырыўға мүмкиншилик жаратып, мектеплерде балалардың уқыплылықларына, талабына сәйкес еркин мийнет етиўи арқалы өз бетинше ойлаў, дөретиўшилик таңлаў уқыплылықларын раўажландырыўға болады. Атап өткенимиздей, ҳәр қандай мийнет балаларда гөззаллық сезимлерди оятыў, мийнетке болған инталылықты, өз қызығыўшылығына байланыслы таңлай билиў мүмкиншиликлерин оятады. Жас өспиримлерге мийнет тәрбиясын бериў тек педагогикалық жәмәәттиң ўазыпасына жүкленбей соның менен бирге ата-аналардың да ўазыйпаларына киреди. Балаларды мийнетке, тазалыққа, әдеплиликке ҳәм ҳақ ҳүжданлы етип тәрбиялаў ҳәм т.б. шаңарақта ата-аналардың тәрбиясына байланыслы.

Ата-аналардың бала тәрбиясына жетерли итибар бермеўи, балаларды үй жумысларына тартпай итибарсыз шетте қалдырыўы, олардың бос ўақытларын мазмунсыз ямаса жаман әдетлерди үйрениўине себепши болады. Шаңарақта балалар үй жумыслары менен шуғылланса, үйге берилген тапсырмаларын жоқары баҳаға ылайық орынласа, жеке гигиенасы менен уйқылаўынан басқа, олардың ойнаўы ушын 2-3,5 саат аўысады, ал егер музыкалық, көркем-өнер ҳәм дене тәрбиясы мектеплеринде шуғылланса олар ушын ойнайтуғын ўақытта жетпей қалады.

Жас әўладларға тәлим-тәрбия бериўде мектеп, шаңарақ ҳәм жәмийетшилигимиз бенен биргеликте ислесиўин дурыс шөлкемлестирсек, билимли, жоқары мәдениятлы руўхый бай, жетик инсанларды тәрбиялап шығарыўда үлкен жетискенликлерге ерискен болар едик.


**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. «Баркамол авлод-Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори». -Т.: «Ўзбекистон», 1999.
2. Каримов И.А. Юксак маънавият- енгилмас куч. -Тошкент: 2008.
3. Харчев А.Г. Социология воспитания. -М.: 1990.
4. Семенов Н. О некоторых перспиктивах развития трудовой деятельности. -М.: 1973.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёшларга таълим-тарбия беришда катта масъулият умумтаълим мактаблари ва уларда олиб борилаётган тарбиявий ишларга боғликлиги кўрсатилган. Унда ушбу ўқув даргоҳларида олиб борилаётган тарбиявий ишларнинг самарадорлигини ошириш шахс тарбиясининг шаклланиш босқичлари ҳақида фикр юритилган.

**РЕЗЮМЕ**

Для формирования личности в коллективе основная задача и ответственность принадлежит образовательной и воспитательной работе в школе. В статье рассматриваются некоторые вопросы повышения эффективности воспитательной работы в становлении формирования личности учащихся в общеобразовательных школах.

**SUMMARY**

The formation of personality in the society is the main task and responsibility of the educational work at school. The article deals with the issues of improving effectiveness of educational work in the formation of students' personality at the general educational schools.


## МИЙНЕТ ТӘЛИМИНДЕ ТӘЛИМ - ТӘРБИЯ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АРТТЫРЫЎ НОРМАЛАРЫ


**Н.Орынбетов** - *ассистент оқытыўшы*

**Ж.Рахматдинов** - *Мийнет тәлими қәнигелигиниң 3- курс талабасы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** ислоҳот, педагогик технология, мотивлаш, техника, технология, бирлаштириш, педагогик шижоат, таҳлил, синтез, техник объект, рефлекция, модернизация, интеграциялаш, репродуктив.

**Ключевые слова:** реформирование, педагогические технологии, мотивация, техника, технология, конструктирование, педагогическая эрудиция, анализ, синтез, технический объект, рефлексия, модернизация, интегрирование, репродуктивный.

**Key words:** reformation, pedagogical technology, motivation, techniques, technology, construction, pedagogical erudition, analysis, synthesis, technical object, reflexion , modernization, integration, reproductive.


Мәмлекетимиздеги заманагөй билимлендириў системасы өзиниң миллий үрп-әдетлерге сүйенгени менен басқа раўажланған мәмлекетлердиң тәлим системасынан түптен ажыралып турады. Бул айырмашылық билимлендириў дәрежелери, сыпаты ҳәм мазмунында көринеди.

Соңғы жыллары мәмлекетимизде билимлендириў мазмунын реформалаў, байытыў, барлық ўақытта жаңалап барыў нәтийжесинде сезилерли өзгерислерди. Бүгинги күнге келип жаңа педагогикалық технологиялар тийкарында билимлендириў системасында бир қатар өзгерислер әмелге асырылмақта. Бул билимлендириў мазмунын, дүзилисин ҳәм технологияларды системаластырыў менен байланыслы және де билимлендириў процеси жәмийет ҳәм мәмлекет талаплары тийкарында жаңаланбақта. Соңғы жыллары мәмлекетимизде билимлендириўди раўажландырыўға қаратылған бир қатар нызамлар ҳәм мәмлекетлик бағдармалар қабыл етилди.

Жоқары оқыў орынларында жаслардың билим алыўы ҳәм жеке раўажланыўы олардың еркин пикирлей алыўы, дөретиўшилик ҳәм белсендилик қатнасықларын тереңлестирип барыўы, өзин-өзи қадағалаў ҳәм тәрбиялаўға болған көнликпелери менен сыпатланады.

Оқытыўшыда өзин-өзи басқарыў, қатаңлық, талапшаңлық, әтирапындағы инсанларға ҳүрмет ҳәм итибарлы болыўы, өзиниң кемшиликлерин сезген ҳалда өз имканиятларына исениў, өз жумысын баҳалаўда ҳақыйқатлық, күшли ерк, педагогикалық шеберлигин асырыўда өзиниң искерлигин басқарып барыўда, өзин-өзи ҳүрмет етиў сыпатлары раўажланған болса, ол кәсиплик шеберлик дәрежесине ерисиўи мүмкин.

Болажақ мийнет пәни оқытыўшысының кәсиплик искерлигиниң қәлиплескенлиги улыўма кәсиплик ҳәм қәнигелик пәнлерди пухта билиўи, оқыўшыларды қәсипке бағдарлаўда айрықша искерлик көрсетиў, шөлкемлестириўшилик оқыўшылар менен қатнасты жоқары дәрежеде алып барыў керек.

Болажақ мийнет пәни оқытыўшысының кәсиплик сыпатларын шөлкемлестириў нормалары педагогикалық, психологиялық, методикалық, улыўма инженерлик ҳәм қәнигелик пәнлер мазмуны жағынан төмендегилерден ибарат:

-мотивациялық қәсийетлерине ийелик етиўи - кәсип искерлигин нәтийжели ийелеўине (жаңа билимлерди өзлестириўге умтылыўы хабар-ресурс орайы арқалы жаңа хабарларды алыў, педагогикалық шеберликтиң жоқары дәрежеге ерисиўине бағдарлаў, ата-аналар менен бирге ислесиў мейиллиги, ислеп шығарыўда қолланылатуғын жаңа материаллар техника ҳәм технологиялар ҳаққында билимлерге ийе болыў, конструкциялаў ҳәм т.б.) киреди.

-интеллектуаллық қәбиллетине-педагогикалық пикирлеў (педагогикалық дәлийл, ҳәдийсе, тез пикирлей алыў) педагогикалық эрудиция, педагогикалық болжай алыў, мийнет қураллары, анализ, синтез, техника ҳәм технологиялар арасындағы улыўмалылық ҳәм т.б.

-шыдамлылық, сабырлылық сыпатына - педагогикалық қатнасқа шыдамлылық ҳәм өзин тута алыў, педагогикалық искерлигин әмелге асырыў, педагогикалық мақсетлер, өз искерлигиниң әҳмийетин асырыў, өзлигин раўажландырыў, техникалық пикирлеў, техникалық объектлерди иске түсириў, сазлаў, оңлаў, режелестирилген технологиялық процессти ақырына жеткизиўге шыдамлылық.

-сезиў сыпаты-оқыўшылардың ой-өрислери, қуўаныш, машқалаларды түсине алыў, балажанлық, оқыўшылардың жас физологиялық өзгешеликлерин есапқа ала билиў, излениўшеңлик, техникалық искерлик, руўхый орталықты басқара алыў.

-әмелий көнликпелерди ийелеўине-педагогикалық қәбилетлер, педагогикалық көнликпелер, режелестириў, графиксызылма жумысларын орынлай алыў, технологиялық әсбапүскенелерди басқарыў, сазлаў, техникалық объектлерге ислеў бериў көнликпелери киреди.

-өзин-өзи басқара алыўына-искерлигин ҳәм өзин анализ етиў, баҳалаў, дөретиўшилик процесинде рефлекция ете алыў қәбилети, өз индивидуалығының раўажланыўы, кәсип искерлиги ҳәм жеке пазийлет ҳәм кемшиликлерин анықлай алыў қәбилети киреди.

Усыннан келип шыққан ҳалда бүгинги күнде мийнет тәлими мазмунын модернизациялаўды әмелге асырыў әҳмийетли ўазыйпалардың бири.

«**Модернизация**»-сөзи кең көлемли түсиник болып есапланады. **Билимлендириў процесинде модернизация**-бул дәўир талаплары тийкарында тәлим мазмунын таңлаў, оған жаңалықлар киргизиў, қайта ислеў, анықланған бослықты толтырыў, избе-излик ҳәм үзликсизликти тәмийинлеў. Бул келтирилген түсиниктен келип шығып, **мийнет тәлимин модернизациялаў**- жаңалаў, жаңа системалы, мазмунлы өзгерислер киргизиў, оның сыпатын асырыўға тәсир ететуғын барлық факторлар (мәмлекетлик тәлим стандартлары, оқыў бағдарламалары, оқытыў методикалары ҳәм технологиялары, оқыў дидактикалық қураллар ҳәм т.б) анықлаў ҳәм ҳәзирги дәўир талапларынан келип шығып, тийисли өзгерислер киргизиў ҳәм интеграциялаў менен әмелге асырылады. Мийнет тәлими мазмунын модернизациялаўды әмелге асырыў төмендегидей ўазыйпаларды өз ишине алады.

-мийнет тәлими мазмунын таңлаў ҳәм модернизациялаўдың теориялық методологиялық тийкарын жаратыў.

-мийнет тәлимин дәўир талаплары тийкарында жаңалаў ҳәм усы талаплардан келип шыққан ҳалда тәлим мазмунын белгилеў.

- мийнет тәлими мазмунын модернизациялаў ҳәм интеграциялаў арқалы тәлим-тәрбия нәтийжелилигине ерисиўден ибарат.

**Мийнет тәлиминде тәлим - тәрбия нәтийжелилигин асырыўда төмендегилерди есапқа алыў керек.**

-мийнет тәлими сабағында оқыўшылардың жас қәбилетлерин ҳәм олардың оқыў имканиятларын билиў.

-тәлимниң түрли методын (репродуктив, машқалалы тәлим, излениўшеңлик яки эвристик метод) қолланыў.

-тәлим-тәрбия процесине жаңа инновациялық, педагогик ҳәм хабар технологияларын қолланыў арқалы оқытыў сыпатын жаңа басқышқа көтериў.

-оқыўшыларда өз пәнине қызығыў қәбилетин оятыў, олардың дүнья қарасын раўажландырыў.

Мийнет тәлими мазмунын модернизациялаў аркалы тәлим-тәрбия нәтийжелилигин асырыўға, окыўшы жасларды келешекте баркамал әўладлар сыпатында билимли, жоқары интеллектуал қәсийетке ийе болған шахс сыпатында тәрбиялаўға ерисемиз.

**Әдебиятлар**

1. Өзбекистан Республикасының «Билимлендириў ҳаққындағы нызам»ы. –Ташкент: «Истиқлол», 2004.
2. Муслимов Н.А., Қўйсинов О.А. «Касб таълими ўқитувчиларини тайёрлашда мустақил таълимни ташкил этиш». Методик қўлланма. -Ташкент: ТДПУ, 2006.
3. Сафарова Р.Ғ., Мусаев У.Қ. ва бошқалар. Умумий ўрта таълим мазмунини модернизациялашнинг дидактик параметрлари. -Ташкент: «Фан», 2008.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада умумтаълим мактабларида таълим-тарбия беришнинг айрим муаммолари таълим технологияларининг замонавий ютуқлари нуқтаи назаридан таҳлил этилган. Умумий ўрта таълим мактабларида меҳнат таълими мазмунини модернизациялаш ва тарбия самарадорлигини ошириш имкониятлари ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются некоторые проблемы учебно-воспитательной работы с точки зрения достижений современных педагогических технологий в общеобразовательных школах. Рассматриваются также модернизация содержания трудового обучения и возможности повышения воспитательных работ в общеобразовательных школах.

**SUMMARY**

The article is devoted to the analysis of some issues of educational-upbringing work from the point of view of achievements of modern pedagogical technologies at general educational schools. The author of the article also studies the modernization of content of labour learning and possibilities of improving educational work at general educational schools.

## ТЕОРЕТИКО-ПРАКТИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ УПРАВЛЕНИЯ КАЧЕСТВОМ ОБРАЗОВАНИЯ В ВУЗАХ

**Ф.Б.Саидова –** *преподаватель*
*Ташкентский университет информационных технологии*

**Таянч сўзлар:** бошқарув, олий таълим тизими, таълим сифати, инсонпарварлаштириш, оптималлаштириш, ўқитувчи, талаба.
**Ключевые слова:** управление, система вузовского образования, качество образования, гуманизация, оптимизация, преподаватель, студент.
**Key words:** management, system of higher education, quality of education, humanization, optimization, teacher, student.

Складывающиеся сегодня новые социально-экономические условия в республике вызывают необходимость поиска эффективных способов деятельности образовательной системы при решении ряда задач, для эффективности которых необходима подготовка образованной, нравственной, предприимчивой молодежи, которая может самостоятельно принимать ответственные решения в ситуации выбора, прогнозировать их возможные последствия. Нынешняя молодежь способна к плодотворному сотрудничеству, отличается мобильностью, динамизмом, конструктивностью и обладает чувством ответственности за судьбу своей страны.

Важнейшим условием для достижения названных качеств личности является овладение профессионализмом всех субъектов системы непрерывного образования. Данный приоритет является ключевым, так как профессионализм преподавателя становится решающим фактором обеспечения качества результата образования, что, в свою очередь, влияет на позитивные изменения состояния всего нашего общества.

Следовательно, современный педагог должен иметь представление о многообразии подходов к организации учебно-воспитательного процесса в учебном заведении. Руководитель же образовательного учреждения должен владеть технологией мониторинга, позволяющей отслеживать эффективность осваиваемых подходов в учебно-воспитательном процессе учебного заведения. Кроме того, учитывать то, что сегодня поменялось традиционное отношение к преподавателю как к транслятору знаний и к процессу учения как механической передаче знаний. Сегодня каждый представитель педагогической профессии выступает не только в роли преподавателя, наставника или воспитателя, но и как исследователь, новатор, открывающий новые для себя принципы и способы обучения, объединяет традиции с нововведениями, использует инновационные технологии обучения и воспитания, помогает студентам в овладении знаний. Это, в свою очередь, кардинально отразилось на качестве образования в вузах.

Отметим также то, что с каждым годом все большее количество педагогов включается в инновационную деятельность, использует современные информационно-коммуникационные технологии, разрабатывает или апробирует новые методики. Поэтому необходимо поддерживать стремление работников вузовского образования к собственному развитию и накоплению опыта и предоставлять возможность передавать этот опыт более широкому кругу коллег, что особенно актуально в условиях перехода на усовершенствованные государственные образовательные стандарты и разработке новых учебных программ. Такие изменения в вузовском образовании нашей республики сегодня невозможны без управления качеством образования. На него влияет роль преподавателя, который является центральным звеном в реализации основных направлений модернизации образования как в целом по стране, так и в отдельно взятом вузе.

В связи с этим целью обучающихся в системе вузовского образования является овладение новыми знаниями, умениями и навыками, формирование нового уровня компетенций для того, чтобы на более качественном уровне решать профессиональные задачи.

Направлениями оптимизации и гуманизации системы вузовского образования являются актуализация традиционных, адаптация известных и открытие инновационных обучающих технологий. Эти процессы закономерно требуют от преподавателя вуза овладения особой профессиональной технологией педагогического взаимодействия, постоянной потребности к профессиональному и личностному росту, что стимулирует рост квалификации, профессионализма и продуктивности, то есть результативности педагогического труда, развитие творческой инициативы как условий, способствующих развитию качества образования.

Одной из важнейших задач реформирования системы образования является модернизация сложившейся системы оценки его качества. Ключевым условием повышения качества образования является высокий уровень профессиональной компетентности педагогических кадров. На сегодняшний день процессом, обусловливающим создание в системе непрерывного образования условий для развития индивидуального стиля профессиональной деятельности педагога, познания и освоения новых ценностей, стимулирующим творческий поиск специалистов, способствующим утверждению перспективных подходов и технологий является